



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO NOME MANM GWROUP TRAVAY KONSILTATIF KLINIK LAN POU REVIZE VAKSEN YO POU SEKIRITE AK EFIKASITE

Gwoup travay konsiltatif klinik la ki gen ladan ekspè medikal ak syantifik premye plan pral revize tout vaksen ke gouvènman federal la otorize distribiye

Gouvènè Andrew M. Cuomo te nome jodi a manm Gwoup Travay Konsiltatif Klinik (Clinical Advisory Task Force) endepandan Eta a ki pral revize vaksen pou COVID-19 ke gouvènman federal la otorize a, epi ki pral konseye Eta New York sou sekirite ak efikasite vaksen an nan konbat viris la.

"Nou vle asire nou ke nou kapab di Nouyòkè yo vaksen an san danje epi answit nou vle genyen yon plan distribisyon, epi nou ap mete ansanm pwòp gwoup pa nou pou detèmine sa". **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yon fwa Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (US Food & Drug Administration, FDA) a di ke li san danje, nou pral fè yon gwoup doktè New York ak kèk doktè ki se meyè nan monn lan revize sa FDA a te fè dekwa pou nou kapab di Nouyòkè yo li san danje. Genyen sondaj ki di ke mwatye pèp ameriken an pa tap pran vaksen an kounye a paske yo pa kwè ke li san danje. Mwen vle kapab di Nouyòkè yo li san danje, pran li, epi mwen vle genyen meyè distribisyon an paske ideyalman nou vle vini premye Eta san danje pou COVID nan nasyon an."

Lis manm Gwoup Travay Konsiltatif Klinik yo anba la a:

- Charles M. Rice, Ph.D., The Rockefeller University
- Scott M. Hammer, MD, NewYork-Presbyterian/Columbia University Medical Center (Sant Medikal Inivèsite Columbia/Presbiteryèn-New York)
- Adolfo Garcia-Sastre, Ph.D., Icahn School of Medicine at Mount Sinai (Fakilte Medsin Icahn nan Mount Sinai)
- Sharon Nachman, MD, Renaissance School of Medicine at Stony Brook University (Fakilte Medsin Renesans nan Inivèsite Stony Brook)
- Kelvin Lee, MD, Roswell Park
- Bruce Farber, MD, Northwell Health
- Shawneequa Callier, MA, JD, George Washington University School of Medicine and Health Sciences (Fakilte Medsin ak Syans Sante Inivèsite Georges Washington)

Gouvènè a [te anonse semèn pase a](#) ke Eta a ap fòme de (2) gwoup travay inisyal nan kad preparasyon Eta a pou yon vaksen COVID. Gouvènè a te anonse jedi a nominasyon inisyal pou premye gwoup travay la, ki ap angaje li pou planifye lojistik jesyon ak distribisyon vaksen an. Anons jodi a ajoute manm yo nan dezyèm gwoup travay la, ki gen responsabilite pou evalye sekirite ak efikasite yon vaksen.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU